

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 30

MWARI VANONYATSORONGA ZVINHU.

Hapana munhu angatarise kumatenga akasashamisika. Hapana munhu angatarise ruva rinozi *rose*, rinova zita remudzimai wangu, akasashamisika. Hapana angatarisa mvura iri munyanza akasashamisika. Hapana angatarise kudyidzana kunoita zvinhu zviriri pasi pano akasashamisika. Mwari vakaita zvinhu zvese izvi zvakanaka!

Chokwadi kana takapoterredzwa nezvinhu zvakanaka kudai zvinoita kuti tishamiswe nekukatyamadzwa tinofanira kutendeukira kuna Mwari akazvigadzira zvese. Mwari havana kungosika pasi rino rese vakabva vangosiya zvakanaka, asi vanorichengetedza nekuti ndivo muridzi waro. Zvinokosha kuziva Mwari sandivo vanogona kunyatsoronga zvinhu kuti zvinangwa zvavo zviitike. Huchenjeri hwaMwari hunoratidzwa mumharidzo iyi iri muna Genesi 7:11-16

“¹¹Mugore ramazana matanhatu roupenyu hwaNoa, pazuva regumi namanomwe romwedzi wechipiri, pazuva iro zvitubu zvose zvapakadzika zvakatubuka, uye masuo amafashamu okudenga akazarurwa. ¹²Uye mvura yakanaya panyika kwamazuva makumi mana nousiku makumi mana. ¹³Pazuva racho iroro, Noa navanakomana vake, Shemu, Hamu naJafeti, pamwe chete nomukadzi wake navakadzi vavanakomana vake vatatu, vakapinda muareka. ¹⁴Vakanga vane mhuka dzose dzesango namarudzi adzo, nezvipfuwo zvose namarudzi azvo neshiri dzose namarudzi adzo, nezvose zvina mapapiro. ¹⁵Zviviri zviviri pazvisikwa zvose zvino upenyu mazviri zvakauya kuna Noa zvikapinda muareka. ¹⁶Mhuka dzaipinda dzaiva

mukono nehadzi pazvipenyu zvose, sezvakanga zvarayirwa Noa naMwari. Ipapo Jehovha akamupfigira mukati”

Mashoko aya anobva muBhaibheri akanyatsotaura zvakanaka zvakarongwa kuti zvinangwa zvaMwari zviitike. Pane zviNHANHO zvakanyorwa pachiiitiko ichi. Izvi zvinotitungamira kutsvaka Mwari muchokwadi.

Nguva chaiyo yaiitika zvinhu yakarongwa naMwari. Bhaibheri rinotipa gore chairo razvakaitika. Rinotipa mwedzi chaiwo wazvikaitika nezuva chairo razvikaitika. Izvi zvinoratidza kunyatsoronga kwaMwari. Pagore ramazana matanhatu (600th) roupennyu hwaNoa, nomwedzi wechipiri (2nd) nezuva regumi namanomwe (17th) romwedzi. Ini ndinotenda kuti Mwari vanoita zvinhu zvavo zvine chinangwa. Mwari vanoita zvinhu zvavo zvichienderana nehurongwa hwavo chaihwo chaihwo. Izvi vanozviita kuti zvinhu zvavo zviende panzvimbo sekuda kwavo. Ini ndinofunga kuti nguva iyi chaiyo yainongedza kuti Mwari vaive nekuziva kwavaive nako nekuti unoverenga kuti, *“Nomusi iwoyo Noa wakapinda muAreka, naShemi, naHami, naJafeti, vanakomana vaNoa, nomukadzi waNoa, navakadzi vatatu vavanakomana vake pamwe chete naye.”* Hanzu nomusi iwoyo.

Ini ndinotenda kuti Mwari vanoona kunotangira nekuperera zvinhu. Mwari vanoziva nguva yese nekufamba kwezvinhu nguva dzese. Kunyatsotaurwa kwenguva dzakaita zvinhu kunofanira kutiudza kuti chero nguvawo dzedu dzakanyatsorongwa naMwari. Nemhaka yei ndichiti zvakanyatsorongwa? Mwari Wemasimba ose

anotarisa pasi pano achiona hupenyu hwako. Anoda kuronga nhanho dzako nemazuva kuti zvichafamba sei.

Musarirwa wevanhu nemhuka wakadaidzwa naMwari. Pane musarirwa wakaponeswa. Ndaverenga pamusoro pavo. NdiNoa naShemi naHami naJafeti vanakomana vaNoa nemukadzi waNoa nevakadzi vatatu vevanokomana vaNoa. Vanhu 8 ndivo vakaponeswa parudzi rwevanhu.

Pane kunyatsorongwa kwakaitwa kuti vanhu vachengetedzwe. Maive nevanhu vakawanda muAreka kupfuura mhando ipi zvayo nemhuka. Ndakambotaura kumashure uko kuti kwaive nemhuka 7 dzeimwe mhando nembiri mbiri dzeimwe mhando asi kuvanhu kwakange kuine 8. Ini ndinoenda kuti izvi zvinotiratidza kuti Mwari vaikoshesa vanhu kudarika mhuka.

Asi chikonzero chemafashamo emvura, chikonzero chakakonzera zvinhu zvese izvi kuti zviitike chaive chekuti, *“kuiipa kwavanhu kwakanga kuri kukuru panyika nendangariroo dzokufunga kwomoyo yavo dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzose.”* Chinhu chinosuwisa chaizvo uye chakaipa kuti chisikwa chaMwari chinokosha kupfuura zvimwe zvese ndicho chakasarudza kupandukira nekusateerera Mwari.

“Zvakapinda kuna Noa muareka, zviviri-zviviri zvezvipenyu zvose zvinomweya wovupenyu. Mhuka nezvipfuwo nezvinokambaira neshiri dzemhando dzakasiyana

siyana nezvinobhururuka zvese zvaienderana nemarudzi azvo.” Ndinoda kuti uone kuti zvinhu izvi zvakataurwa muzvitsauko zvekutanga zvebhuku raMwari vakasika zvinhu zese nemarudzi azvo. Iye zvino tinovaona vave kuponesa marudzi ezvinhu zvese.

Kunyatsofanoronga zvinhu zvese uku kunotiudza kuti Mwari vanoda kutiponesa kubva pakuparadzwa. Asi isu tinofanira kuteerera Mwari nekunzwa zvavanotaura.

Chiitiko chimwe chete ichi chakatungamirwa naMwari. Pane kuitika kwechinhu kamwe chete kwakaitika – chiitiko ichi nezvese zvakaitika zvinoratidza kuti zvese zvanga zvichiitika zvanga zviri mumaoko aMwari. Mhuka dzakaenda kuna Noa dziri mbiri mbiri. Hadzina kutinhwa dzichipinda muAreka. Kwete. Noa haana kukokorodza zvinhu izvi achizvitinha kuti zvipinde muAreka. Asi zvakauya zvega. Manyorerwo azvo anoita sekuti Noa ndiye akatanga kupinda muAreka. Mhuka dzikazoteverawo ipapo ipapo. Izvi zvakaitika chaizvo chaizvo sezvakarairwa naMwari nekupedzisa hurongwa hwaMwari.

Asi ini ndinofunga kuti mashoko anonyanya kushamisa apa ndeekuti; *‘Mwari Jehova akamuzaririra mukati.’* Mwari ndivo vakatovhara musuwo. Chaive chiitiko chimwe chete. Zvakarairwa naMwari zvakaitwa. Mwari ndokubva avavharira muareka.

Pane chinhu chinoshamisa chiri pamashoko aya chandisiri kuda kuti upotsane nacho. Mwari pavakavharira Noa mukati meAreka nemhuka dzaaive nadzo dzemarudzi

akasiyana siyana. Zvinoreva kuti akavharira vamwe vanhu vese kunze. Nemamwe mashoko paavharira Noa muAreka akange achitovharirawo vamwe vanhu vese kunze kweAreka. Zvino ichi chinhu chinotyisa kana ukada kufunga pamusoro pachu. Akavharira Noa mukati. Pakuvarira Noa mukati akavharira vamwe vanhu vese kunze.

Hapana nzira yaungagone kutiza nayo mirairo yaMwari nekuti Mwari ndivo vanotonga zvese sezvavanoita - zviri nani kuti tibatirane navo pamwe chete. Tikasadaro tichatarisana nekutonga kwake. Ndinoona sekuti zviri kuitika mumazuva edu zvinoreva kuti tave pedyo nenguva yekutongwa. Pane nzvimbo mbiri hama yangu. Pane paviri pekuenda. Ndiwo maonero andiri kuzviita. Nzvimbo yekutanga iri mukati meAreka uye nzvimbo yechipiri iri kunze kweAreka. Sezvazvakangoitawo panguva iyoyi yaNoa - kuteerera ndiko kwakasiyanisa vanhu. Mwari vanoda kukuponesa zvichibva pakunyatsoronga kwavakaita. Zvese zvakaitwa naMwari zvinotiudza kuti Mwari vanoshuvira kuchengetedzeka kwedu. Asi tinofanira kuvateerera. Kana tikabvuma kutonga kwavo vanotiitira zvavakaitira Noa. Vanotivharira mukati. Asi avo vanovharirwa kunze vachaparadzwa zvechokwadi.

Saka ndinouya kwauri ndichikukurudzira kuti ufunge pamusoro pekuchengetedza kunodiwa naMwari kuti uwane nekugara makuri.

Aiwa tinotenda Mufundisi Chidimuro nechidzidzo chanhasi apo tiri kupfuurira mberi tichidzidza kubva mubhuku raGenesi chitsauko 7, munova mune chiitiko chekuchengetedzwa kwaNoa naMwari. Muteereri panguva iyi yaNoa, munhu aigona kunge ari muAreka kana kuti kunze kweAreka. Wese aive panze aive asina kuchengetedzeka. Ari mukati bedzi ndiye aive akachengetedzeka. Mwari vanotida nesuwo nhasi mudikani. Vanaho hurongwa hwekuti wese anoda anogona kuve mavari, umo maanenge akachengetedzeka asingazogamuchiri kutongwa. Unogona bedzi kusasangana nekutongwa uku kana uri muna Mwari. Ndinokukokerawo neniwo kuti uuye munaMwari, uchengetedzeke.